



Pou Piblikasyon Imedya: 27/05/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU LANMÒ YON MILITAN KONT VIH/SIDA, KI SE LARRY KRAMER

Mwen atriste pwofondman akoz lanmò Larry Kramer, yon gwo Nouyòkè ki te ede galvanize repons nasyon an fas ak epidemi VIH/SIDA a.

Nan yon moman kote gouvènman federal la te chita paralize nan refi yon maladi ki te ravaje yon jenerasyon moun LGBTQ yo tout antye, Larry Kramer te entrepid, san konpwomi, san relach epi li te fè tande li - karakteristik ki te lakoz konfizyon, men ki te fòse yon repons pou yon kriz sante piblik.

Li te "youn nan moun ki te goumen nan lagè a" - egzanplè a, nan mitan yon flewo diferan, nan New York Tough. Li te mande aksyon, epi anpil moun ki vivan jodi a se gras ak travay li, ak travay anpil lòt moun ki te refize aksepte endiferans.

Nan non fanmi New York la, panse mwen yo ale jwenn pwòch Larry yo jodi a, espesyalman mari li David. Li pral manke nou, epi nou pral sonje li.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)